# THE CATHOLIC DIOCESE OF GWERU

Bishop's House
P.O. Box 622
Gweru
Zimbabwe

77 Kopje Road
Mobile: +263772275039
Email: rudny123@yahoo.co.uk
Email: rnndorr@gmail.com

23/10/2022

**Tsamba 6/202**

**Kuva Prieste, vapikiri vose nevatenderi veGweru Diocese**

Ndine mufaro mukuru kwazvo okupemberera kusvitsa makore maviri tichishanda tose mumunda waMwari tiri mudunhu redu reGweru. Hurudziro yangu inobva kutsamba yaPauro (kuVaEfeso 4:1-6) " Hama dzangu... ndinokukurudzirai kuti muve nomugariro wakakodzerana nokudaidzwa kwamakaitwa. Ivai munozvirereka muna zvose, makapfava muino mwoyo murefu.Tiriranai muchiregererana zvikanganiso zvenyu muchidanana. Shingirirai kugara makabatana sokupiwa kwamunoitwa naMweya makasunganidzwa norugare. Kunongova nomuviri mumwe chete, uye Mweya mumwe chete, Mambo mumwe chete, chitendero chimwe chete, Rubhabhatidzo rumwe chete, Mwari mumwe chete anova ndiye baba wavose..."
Tinoramba tichifamba tose mudingindira reFambidzano yesangano redu repasi pose rinoti: Sangano rinofamba nokuita muonera pamwechete: kuwana chokuita usingagariri maoko zvichizopedzisira noutumwi (For the Synodal Chuch: Communion, Participation and Mission).

**Mhemberero**
Munoyeuka musi wa 24 Gumiguru 2020 takaungana muchindigamuchira tichipemberera nokufara kuMkoba Stadium nyanwge nguva yanga yakaoma yeCovid 19. Ndinowedzera kupa rutendo rwangu kwamuri mose netsigiro yamakandipa uye yamunogara muchindipa kuti basa raMwari rirambe richienda mberi. Ndinotenda Mwari vatisvitsa patavari apa. Dai vazadzisa zvishuvo nemikumbiro yedunhu redu.

**Kuremekedza Maria Musande Mubatsiri waVatenderi nokudzikisa munamato**
Isu dunhu redu reGweru rakateketerwa kuna Mai Maria Musande Mubatsiri wavatenderi. Ngatirambe tichikumbira nekwavari vagare vachitireverera nguva dzese. Mwedzi waBandwe (May) na Gumiguru (October) tinokurudzirwa kuita rusariro nesangano redu pasi pose. Neni ndinowedzera ndichiti ngatirambe tichiita rusariro mudzimhuri dzedu, mumasangano madiki nekumaMisssion nemaparish edu nguva dzose kwete dzakatarwa chete. Ngatirambe tichinamata tichirwisana naSatani anenge shumba idzvova ichitsvaka waingadye (1Peter5:8-9). Ngatirambe tichikanda usvasvi rwedu kwakadzika muminamato (Ruka 5:1-11). Tinokurudzirwa kuvakavo maGrotto, panogarara Statue yamai vedu Maria tichinamatira tiri ipapo.

**Synod**

Munamato we Synod ngatirambe tichingouita nguva dzose dzatinosangana sesangano diki kana guru patinenge tapedza misa paya. Tinogona kuimba rumbo rwacho sekudzidzira kwatakaita tichinamatira kubudirira kwesangano pasi pose.

**Riritiro mudunhu redu**

Ndinotenda zvikuru nokutsigira kwatiri kuita maprojects emudunhu redu. Shrine iri kufambira mberi zvakanaka kuti ipere. Ngatichizvipa nguva yokupedza (time frame) kuti toda kuipedza rini tiende kune zvimwe zvakaita sepastoral Centre. Tine rubatsiro rwatakatenderana sedunhu kupa kumaseminarian edu, nokutsigira utano rwavaprieste vedu. Ndinokutendai zvikurusa imi mose munopa nemwoyo wenyu wese. Asi Maonero angu ikozvino ndewokuti vamwe vedu vazhinji tava kuomerwa uye kuneta nokudzokera sure muriritiro idzi nokuti dzimwe dzacho dzadzikira zvakanyanyisa. Ngatikurudzirane nekuyeuchidzana kubvisa patinokwanisa nyangwe hazvo mamiriro oupfumi rwedu achitiomera. Imi mukasabvisa, isu savapikiri venyu tinonyanya kuomerwa noupenyu mukushanda mumunda waMwari. Mazuva ano aya takaita vapriesti wakarwara zvakanyanyisa, uye zvakambotivhundusa Mumwedzi waNyamavhuvhu naGumiguru zvokuti takamboprererwa nokuti mari yokuvarapisa tanga tisina muhomwe medu. Kuramba tichingodembetera vanachiremba nanamukoti isu tisina zvikwanisiro zvacho zvinotidzisira pasivo, naivo vanozowora mwoyo pakutibatsira.

**Hurudziro kune vechidiki.**

Gwaro raPapa Francis rinoti : "Kristo mupenyu. Ndiye tarisiro yedu, anounza udiki pasi rose, uye chose chaanobata chinoita chidiki, chinoita chitsva, chinotutuma noupenyu." (Christus vivit. 1) Ngatikurudzire vechidiki vedu kuramba vachinamata, vasiyane netsika yekuzvirasa, mhirizhonga, kuzvirerutsa, kusvuta nokudhakwa uye kuroorwa vasati vasvika zera. Ngativakurudzire kushanda uye kuti vasatore zvisiri zvavo. Isuvo vakuru tichiedza ngatishandise nharembozha, nezvivhitivhiti, nemaredhiyo zvakanaka uye zvinovaka nokuumba chitendero chedu.

Gore rinouya vechidiki pasi rose vanoungana kuPortugal muna Chikunguru. Dai zvaibvira ngatikurudzire vechidiki vedu kwatinogara vaende vanoonavo Papa uye kunoshamwaridzana nevechidiki vedzimwe nyika. Ndinokurudzira parish kana Mission imwe neimwe kana deanary rimwe nerimwe muwanevo wechidiki wamunotsigira kuenda ku Portugal. Isu vapikiri nevamwe vose vanoshanda nevechidiki, ngatizive zvavanoda nokusavasiya vari voga, Ngatifambe navo uye kuvabatsira kuumba ramangwana ravo rakanaka. Ikozvino sangano redu rinokurudzira kuti vose vanoshanda nevechidiki vazive zvokuvachengetedza (Safeguarding issues).

**Kusimbisa nzanga dzedu.**

Tinotenda Mwari nokusimudzira kwatinoita nzanga dzedu. Ngatirambei tichinamata nokubatana pamwechete pamabasa ose anokurudzirwa nedunhu redu. Nzanga dzakaneta ngatiedze kudzikurudzira nemwoyo wakanaka.

**Vatungamiriri veDiocese, Deanery, Parish/Mission**

Vose vanosarudzwa muutungamiriri urwu rwarerwa pamusoro vanokurudzirwa kutanga vambodzidzira vasati vatanga kushanda. Kuchaita urongwa hunobva kudare roufudzi rweDunhu redu reGweru kuti vatungamiri vose vadzidze. Isuvo tinokurudzirwa kutumira urongwa rwedu kuDiocese gore idzva risati ratanga.

# THE CATHOLIC DIOCESE OF GWERU

Bishop's House
P.O. Box 622
Gweru
Zimbabwe

77 Kopje Road
Mobile: +263772275039
Email: rudny123@yahoo.co.uk
Email: rnndorr@gmail.com

Fiat Voluntas Tua

**Macommission**
Tinokurudzirwa kuvaka macommissions edu akaita se Caritas, OVC, katikazi, namakatekisti vakawanda, liturgy, CCJP, Soccom, PMS, nemamwe atisina kureva apa paDiocese, Deanery Parish/mission level.

**Zviziviso**
Kana Mwari akatikomborera, tichaita ugadzo rwemadhikoni kuZvishavane musi wa 10 Zvita. Sehurudziro yeSynod, ngatigadzirire pamwe chete nokufamba nokushanda pamwe. Musi wa 12 Mbudzi kuchava neDPC meeting kuCathedral kuGweru na 9.00 am
Musi wa 19 Mbudzi tichaita machoir competiotions, kuPastoral Centre.
Musi wa 17 December tichaita Jubilee kuSt. John Mbizo (Fr Alex Mabhachi 25 years jubilee)
Musi 27 December Family gathering for priests and religious
Musi wa 28 January 2023 tichaita ugadzo kuCathedral rwaRev Deacon Phillip achiva muOblate priest.
Mamission/parishes anaofanira kuuyisa budget ravo ravachashandisa gore rinouya gore rino risati rapera
Mastatistics evakachata, vakabhapatidzwa, vakasimbiswa, vakazorwa chizorwa chavarwere, vakafa, nevatenderi vose vapenyu vemission anofanira kuuya kuBishop's House gore rino 31 December.

An appeal to all Missions and parishes to provide necessary information to the Diocesan Soccom in order for us to enrich and update our Diocesan website

**Kupedzisa**
Dai Mwari varamba vachikutungamirirai mukushandira sangano redu tigowana upenyu husingaperi. Mwedzi waGumuguru tinopembererazve kutumwa kwedu (Our mission) Iwe neni tine basa rokuvaka, kuparidza uye kunamata tichivavarira denga. Mwari ngavarambe vachidira makomborore pamusoro penyu mose.

Wenyu Muna Kristo

+Rudolf Nyandoro
Mufudzi weGweru

DIOECESIS GWERUENSIS

THE DIOCESE OF GWERU
BISHOP'S HOUSE
23 OCT 2022
P.O Box 622, GWERU
Tel; +263 54 2223565
Email: gwerudiocese@yahoo.com